

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 2*

### Chapit 1 Ekwasyon ak Inegalite

Nan Chapit 1, ou te jwenn kouman pou itilize yon liy nimerik pou fè chema ak pou mete chif reyèl nan lòd, ak pou idantifye pwopriyete chif reyèl. Apre w fin evalye ak senplifye ekspresyon aljebrik, ou te aprann rezoud ak reyekri ekwasyon lineyè, ou te menm aprann fòmil. Pou etabli ak pou rezoud aplikasyon lavi reyèl, ou te mete yon estrateji pou rezoud pwoblèm an pratik. Anfen, ou te itilize nouvo konesans ou yo pou rezoud inegalite senp ak inegalite konplèks.

*Ale nan Chapit Revizyon leson pa leson an ki kòmanse nan p. 58 nan liv la.*

#### Leson 1.1 Chif Reyèl ak Operasyon Chif

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *chif antye, chif antye pozitif, chif rasyonèl, chif irasyonèl, orijin, chema yon chif reyèl, kowòdone, opoze, ak resipwòk.*

Premye objektif Leson 1.1 se pou itilize yon liy nimerik pou fè chema ak pou mete chif reyèl nan lòd.

Pou fè chema ak pou mete 0.3, -1, -4, ak  $\sqrt{7}$  nan lòd, fè chema chif ki sou yon liy nimerik yo. Chif yo ogmante soti sou bò goch ale sou bò dwat. Kifè lòd lan soti nan pi piti ale nan pi gwo se -4, -1, 0.3,  $\sqrt{7}$ .

Dezyèm objektif Leson 1.1 se pou idantifye pwopriyete chif reyèl ak pou itilize operasyon ak chif reyèl. Pou ede w distenge pwopriyete asosyatif ak komitatif yo, sonje byen *asosyatif* vle di gwoupe ansanm tandiske *chanje* vle di deplase.

***Koulye a eseye, Egzèsis 1 a 4. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 3 a 6 yo.***

#### Leson 1.2 Ekspresyon Aljebrik ak Modèl

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *ekspresyon nimerik, baz, ekspozan, pisans, lòd operasyon, varyab, valè yon varyab, ekspresyon aljebrik, valè yon ekspresyon, modèl/tandans matematik, tèm nan yon ekspresyon, koyefisyan, tèm sanblab, tèm konstan, ekspresyon ekivalan, ak idantite.*

Premye objektif Leson 1.2 se pou evalye ekspresyon aljebrik.

Pou evalye  $3x^2 - 1$  lè  $x = -5$ , ranplase  $x$  pa  $-5$  for. Ou jwenn  $3 \cdot (-5)^2 - 1$ . Evalye pisans lan epi fè multiplikasyon an pou jwenn get  $75 - 1$ , oswa 74.

Dezyèm objektif Leson 1.2 se pou konbine tèm sanblab ak itilize pwopriyete distribitif la, si li nesèsè, pou senplifye ekspresyon aljebrik.

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 2*

Pou senplifye  $2x^2 - 4x + 10x - 1$ , itilize pwopriyete distribitif la epi konbinen tèm sanblab yo pou jwenn  $2x^2 + 6x - 1$ . Lè w ap senplifye, pote yon atansyon espesyal sou si gen yon siy negatif ou pa andedan oswa deyò parantèz yo.

***Koulye a eseye, Egzèsis 5 a 12. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 11 a 13 yo.***

### **Leson 1.3 Kouman pou Rezoud Ekwasyon Lineyè**

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *ekwasyon, ekwasyon lineyè, solisyon yon ekwasyon, ekwasyon ekivalan.*

Premye objektif Leson 1.3 se pou fè solisyon ekwasyon lineyè. Dezyèm objektif Leson 1.3 se pou itilize ekwasyon lineyè pou rezoud pwoblèm lavi reyèl.

Yon ekwasyon se yon deklarasyon kote ki gen de (2) ki ekspresyon egal. Pou rezoud  $-2(x - 4) = 12$ , itilize pwopriyete nimerik yo pou izole  $x$  sou yon sèl bò nan ekwasyon an. Toudabò, itilize pwopriyete distribitif la pou jwenn  $-2x + 8 = 12$ . Fè soustraksyon 8 sou chak bò ekwasyon an pou jwenn  $-2x = 4$ . Anfen, divize chak bò pa  $-2$  pou jwenn  $x = -2$ . Ou ka tcheke solisyon ou si w ranplase  $x$  pa  $-2$  nan ekwasyon orijinal la.

***Koulye a eseye, Egzèsis 13 a 18. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 19 a 21 yo.***

### **Leson 1.4 Kouman pou Ekri Ekwasyon ak Fòmil sou Lòt Fòm**

Premye objektif Leson 1.4 se pou reyekri ekwasyon ak plis pase yon varyab. Ou ka rezoud yon ekwasyon konsa pou youn nan varyab yo si w izole varyab sa a. Pou rezoud ekwasyon  $2x - 3y = 6$  pou w ka jwenn  $y$ , fè soustraksyon  $2x$  sou chak bò epi divize chak bò pa  $-3$  pou jwenn  $y = 2/3 x - 2$ .

Dezyèm objektif Leson 1.4 se pou reyekri fòmil kòmen. Byen souvan li pi fasil pou reyekri yon fòmil si fraksyon yon klarifye dabò. Remake si w multipliyè chak bò ekwasyon sa  $A = 1/2 (b_1 + b_2) h$  a pa 2, sa klarifye fraksyon an.

***Koulye a eseye, Egzèsis 19 a 26. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 26 a 28 yo.***

### **Leson 1.5 Kouman pou Itilize Modèl Aljebrik pou Rezoud Pwoblèm**

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *modèl vèbal ak modèl aljebrik.*

## Chapter Audio Summary for McDougal Littell *Algebra 2*

Premye objektif Leson 1.5 se pou itilize yon plan pou rezoud pwoblèm pou fè solisyon pwoblèm lavi reyèl. Pafwa li itil lè w ap fè solisyon pwoblèm pou ekri ekwasyon an an pawòl anvan ou ekri li an senbòl matematik. Pou modle ak rezoud pwoblèm ki nan egzanz lan, toudabò ekri yon modèl vèbal : Distans =  $to \cdot \tan$ . Answit, bay chak yon etikèt Distans =  $d$  an mil;  $to = 55$  mil pa èdtan;  $\tan = 4$  èdtan. Koulye a, ekri modèl aljebrik la:  $d = 55 \cdot 4$ , oswa 220. Ou ka kondwi 220 mil.

Dezyèm objektif Leson 1.5 se pou itilize estrateji pou rezoud pwoblèm, pa egzanz fè yon chema, gade yon modèl, devine, ticheke, ak revize. Lè w fin rezoud pwoblèm nan, tcheke pou w wè si w reponn kesyon yo te poze a.

***Koulye a eseye, Egzèsis 27 a 28. Si w bezwen èd, ale nan Egzanz ki tou fèt ki nan paj 33 a 36 yo.***

### **Leson 1.6 Kouman pou Rezoud Inegalite Lineyè**

Mo ki enpòtan pou konnen yo se: *inegalite lineyè nan yon varyab, solisyon yon inegalite lineyè nan yon varyab, chema yon inegalite lineyè nan yon varyab, inegalite konplèks.*

Objektif Leson 1.6 se pou rezoud inegalite senp ak konplèks.

Pou rezoud inegalite se menm jan ak rezoud ekwasyon, byenke gen kèk diferans enpòtan. Pou rezoud inegalite  $4x + 1 < 7x - 5$ , toudabò, fè soustraksyon  $7x$ , lèfini fè soustraksyon 1 sou chak bò pou jwenn  $-3x < -6$ . Answit, divize chak bò pa  $-3$  pou jwenn  $x > 2$ . Sonje byen ou dwe ranvèse senbòl inegalite a pase ou te divize pa yon chif negatif.

***Koulye a eseye, Egzèsis 29 a 34. Si w bezwen èd, ale nan Egzanz ki tou fèt ki nan paj 42 a 44 yo.***

### **Leson 1.7 Kouman pou Rezoud Ekwasyon ak Inegalite ki Gen Valè Absoli**

Yon mo ki enpòtan pou konnen se: *valè absoli.*

Premye objektif Leson 1.7 se pou rezoud ekwasyon ak inegalite ki gen valè absoli. Dezyèm objektif Leson 1.7 se pou itilize ekwasyon ak inegalite ki gen valè absoli pou rezoud pwoblèm lavi reyèl.

Pou rezoud ekwasyon ki gen valè absoli a  $|x + 3| = 5$ , reyekri li sou fòm de (2) ekwasyon lineyè:  $x + 3 = 5$  oswa  $x + 3 = -5$ . Fè solisyon ekwasyon yo pou jwenn  $x = 2$  oswa  $x = -8$ . Pou rezoud yon inegalite ki gen valè absoli, toudabò, reyekri li sou fòm inegalite konplèks.

**Chapter Audio Summary for McDougal Littell**  
*Algebra 2*

*Koulye a eseye, Egzèsis 35 a 40. Si w bezwen èd, ale nan Egzanp ki tou fèt ki nan paj 50 a 52 yo.*